



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FWA ETA NEW YORK 2021 AN PRAL RE-OUVRI NAN 100% KAPASITE

Bilding ki popilè nan pak ekspozisyon Eta a pral re-ouvri epi respekte direktiv sante yo

Fwa Eta a se pral yon evènman 18 jou ki prezante pi bon manje ak bwason New York, manèj ak jwèt, atis nasyonal ak divètisman an dirèk, ak edikasyon agrikòl ak sansibilizasyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Fwa Eta New York 2021 an, yo selebrasyon fen ete nan pak ekspozisyon Eta New York soti nan 20 out rive 6 septanm nan Syracuse, pral ogmante kapasite nan 100 pousan epi re-ouvri anpil bilding popilè avèk vandè adisyonèl, konsidere gwo pwogrè Nouyòkè yo te fè kont COVID-19. An akò avèk direktiv sante k ap evolye nan eta a, espas alenteryè yo pral sijè a limit nan kapasite pou pèmèt patisipan yo gen distans sosyal nan chak bilding.

"Fwa Eta a se fèt fen ete anblematik New York, epi gras ak efò kontinyèl nou yo pou swiv direktiv sekirite yo ak pèmèt plis moun vaksinen, Fwa Eta New York 2021 an pral pi gwo ak pi bon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se yon testaman pwogrè remakab nou kont COVID ki rann li posib pou plizyè milye vizitè anplis atravè peyi a epi nan tout monn lan pou pwofite atraksyon inik Fwa a ak viv pi bon sa New York gen pou ofri. Mwen felisite Nouyòkè yo dèske yo te rann sa posib, epi mwen ankouraje tout moun pou fè vwayaj la nan New York Santral ete sa a epi sipòte vandè New York yo pandan n ap kontinye re-ouvri ekonomi nou an ak tounen ak gwo evènman apresye nou yo atravè eta a".

Nan 49 jou depi lè Gouvènè a te [anonse](#) retou Fwa Eta a nan 26 avril nan 50 pousan kapasite, kondisyon sante piblik la te amelyore anpil avèk plis Nouyòkè yo ki te vaksinen epi bokou mwens nouvo ka COVID-19. Pwogrè sa a te pèmèt Pak Ekspozisyon Eta yo prepare pou re-ouvri anpil bilding alenteryè, pèmèt plis vandè retounen, ak ogmante kantite patisipan yo pandan y ap respekte oryantasyon sante Eta a.

Nan kad modèl elaji Fwa Eta a ki anonse jodi a, plis Nouyòkè pral kapab pwofite pi bèl mizik ak amizman an dirèk Eta a, manèj Midway, edikasyon ak sansibilizasyon sou agrikilti, ansanm ak manje ak bwason, sa gen ladan eksperyans gastwonomik ki pi anblematik nan Eta a ki gen ladan Pizze Fritte, lèt New York 25 santim, sandwich sosis

ak babotin diven. Fwa a pral fèt pandan 18 jou, ki se dire ki pi long pou evènman anyèl sa a, pandan pri admisyon an pi ba ke sa te ye nan ane pase yo.

Jiskaprezan, konsè Fwa Eta annapre yo te anonse, kote gen pi gwo konsè k ap fèt sou sèn Chevy Park nan Experience Stage New York la pou bon distans, ak pi piti yo k ap fèt nan Chevy Court:

- LoCash, vandredi 20 out, lè a gen pou anonse
- Nas, vandredi 20 out nan 8 p.m.
- 98 Degrees, samdi 21 out nan 2 p.m.
- RATT, samdi 21 out, lè a gen pou anonse
- Brothers Osborne, dimanch 22 out nan 8 p.m.
- Bishop Briggs, lendi 23 out, lè a gen pou anonse.
- Foreigner, lendi 23 out nan 8 p.m.
- Dire Straits Legacy, madi 24 out, lè a gen pou anonse
- Train, madi 24 out nan 8 p.m.
- REO Speedwagon, mèkredi 25 out nan 8 p.m.
- Three Dog Nigh, jedi 26 out, lè a gen pou anonse
- Bell Biv Devoe, madi 26 out nan 8 p.m.
- Sister Sledge, vandredi 27 out nan 2 p.m.
- Melissa Etheridge, vandredi 27 out nan 8 p.m.
- Vixen ak Great White, samdi 28 out, lè a gen pou anonse
- Noah Cyrus, dimanch 29 out nan 2 p.m.
- Southside Johnny & The Asbury Jukes, dimanch 29 out, lè a gen pou anonse
- Dropkick Murphys, dimanch 29 out nan 8 p.m.
- Pat Noone, lendi 30 out nan 2 p.m.
- Grandson, lendi 30 out nan 7 p.m.
- Oak Ridge Boys, madi 31 out nan 2 p.m.
- Halestorm, madi 31 out nan 8 p.m.
- Sheena Easton, mèkredi 1ye septanm nan 2 p.m.
- Blue Oyster Cult, mèkredi 1ye septanm, lè a gen pou anonse
- Starship avèk Michèk Thomas, madi 2 septanm, lè a gen pou anonse
- Uncle Kracker, vandredi 3 septanm nan 2 p.m.

Kòm dabitid, ekspozisyon animal fèm nan Fwa a entwodwi jèn ak moun ki gen lespri jèn yo nan endistri agrikilti vas New York la. Konpetisyon Agrikòl yo nan Fwa Eta Reyimajine 2021 an pral gen ladan kategori sa yo:

- Lama
- Chèv
- Vach Letye
- Betay bèf
- Cheval (limite)
- Ekspozisyon Atistik

Tikè yo se pral 3 dola pou chak moun, epi timoun ki poko gen 12 ane kapab rantrè gratis. Patisipan yo pral gen obligasyon pou swiv direktiv sante COVID-19 Depatman Sante (Department of Health, DOH) ki anvigè nan moman evènman an. Yo pral anonse nan mitan jiyè plis detay sou lavant tikè Fwa yo ak detay sou règleman espesifik pou envite yo epi yo sijè a chanje avèk direktiv sante Eta a. Tanpri vizite [sit entènèt Fwa Eta New York](#) la pou plis enfòmasyon.

Komisè Agrikilti a, Richard A. Ball, te deklare, "Kiltivatè ak pwodikè New York yo te frape anpil tankou nenpòt endistri nan eta a men te rive, avèk èd pwogram tankou Nouri New York (Nourish New York), kontinye pwodui manje ak pote manje bay moun ki nan bezwen. Fwa a se selebrasyon agrikilti eta nou an epi mwen konnen ke selebrasyon ane sa a pral tankou okenn lòt".

Direktè Fwa Eta a, Troy Waffner, te deklare, "Nou eksite dèske nou kapab re-ouvri bilding nou yo ak akeyi plis Nouyòkè nan fwa eta yo a. Fwa ane sa a pral yon testaman pou travay di nou tout te mete ladan pou rekipere nou de kriz inik la nan syèk sa a epi pral nan anpil fason se pi bon Fwa nan tout istwa nou".

Senatè Rachel May te deklare, "Fwa Eta New York la se yon tradisyon kiltirèl enpòtan ak yon motè ekonomik enkwayab pou anpil moun isit la nan rejyon nò Eta a. Kominote nou yo te santi repèkasyon yon fwa ki fèmen tout kote pandan tout ane a. Mwen kontan anpil dèske nou te atenn yon limit vaksinasyon ki pèmèt nou ogmante patisipasyon nan Fwa a an tout sekirite. Mwen pa ka tann pou wè tout moun la ane sa a".

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "New York Santral ak rès eta a te regwoupe yo pou ogmante vaksinasyon yo ak diminye ka COVID yo. Pa konsekan, mwen twouve li apwopriye dèske rezidan yo kapab pwofite yon Fwa nan Eta a ki pèmèt yon pi gwo kapasite. Gran Fwa Eta New York la se yon evènman anyèl makan epi se yon eleman ekonomik nan zòn nou an".

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Fwa Eta a se yon tradisyon ete ke jenerasyon yo te apresye. Yon moman espesyal avèk fanmi ak zanmi k ap selebre lajwa kominote a ak tan yo pase ansanm. Anons jodi a vle di plis pase yon retou nan nòmal. Sa vle di gerizon pou kominote sa a. Sa vle di yon bagay nou enpasyon pou li".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)